

## PWOBLÈM TAKS

- \* Taks Kay
- \* Peman yon taks
- \* Egzanpsyon nan Taks Kay
- \* Rabè sou Taks Kay
- \* Taks Biznis
- \* Odit
- \* Rekouvremant
- \* Estabilizasyon Pri Lwaye



## ENFÒMASYON ENPÒTAN SOU PLAN OU



SA POU FÈ SI

OU KWÈ

### KARAKTERISTIK PWOPRIYETE OU PA KÒRÈK

Depatman Finans (Department of Finance) ka gen enfòmasyon ki pa kòrèk sou pwopriyete ou (pa egzanp, sifas an mètr kare, estil, elatriye). Pou korije enfòmasyon yo pwopriyete kay 1 a 3 fanmi yo dwe ranpli fòm "Demann pou Modifye Done sou Pwopriyete". Pwopriyete kay 4 a 10 fanmi yo dwe ranpli fòm "Demann pou Revize Estimasyon Taks Ka". Fòm yo disponib sou sitwèb [nyc.gov/finance](http://nyc.gov/finance), oswa rele 311 pou jwenn èd. Si ou deyò senk minisipalite yo, rele nimewo 212-639-9675.

### SA POU FÈ SI OU KWÈ VALÈ MACHE KAY OU PA KÒRÈK

Ranpli fòm "Demann pou Revize Valè Pwopriyete". Ou kapab jwenn fòm sa a sou sitwèb [nyc.gov/finance](http://nyc.gov/finance).

### SA POU FÈ SI OU KWÈ VALÈ ESTIME OU OSWA VALÈ EGZANTE OU PA KÒRÈK OSWA SI OU TE JWENN REFI POU YON EGZANPSY- ON

Ou ka depoze yon kontestasyon devan Komisyon Taks Vil New York (NYC Tax Commission). Ale sou sitwèb Komisyon Taks Vil New York nan [nyc.gov/html/taxcomm](http://nyc.gov/html/taxcomm) oswa rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.



## Vil New York Biwo Defansè Kontribiyab



*Si ou pa t kapab rezoud yon pwoblèm taks avèk mwayen nòmal Depatman Finans Vil New York (New York City Department of Finance) Biwo Defansè Kontribiyab (Office of the Taxpayer Advocate) kapab ede ou.*

## Kilè Biwo Defansè Kontribiyab kapab ede ou?

Pwoblèm ou an dwe satisfè omwen gid ki endike anba la yo:

1. Ou te fè yon efò rezonab pou rezoud pwoblèm ou oswa plent ou avèk Depatman Finans. Pwoblèm ou oswa plent ou pa t rezoud oswa ou pa t resevwa yon repons alè.

2. Ou kwè ou kapab montre Depatman Finans aplike lwa fiskal yo, règ yo oswa règleman yo avèk fòskote oswa yon fason ki pa kòrèk, oswa ou te yo vyole oswa pral vyole **Dwa Kontribiyab** ou.

3. Ou anba yon menas aksyon nuizib imedyat (pa egzanzp, sezi lajan ou oswa kay ou) Depatman Finans pou yon det ou kwè ou kapab montre ou pa dwe.

4. Ou anba yon menas aksyon nuizib imedyat (pa egzanzp, sezi lajan ou oswa kay ou) Depatman Finans pou yon det ou kwè ou kapab montre ki pa kòrèk, ki enjis oswa ki ilegal.

5. Ou kwè ou kapab montre ou pral souffri domaj ki depase reparasyon oswa yon konsekans nuizib pou anpil tan si yo pa ba ou yon soulajman.

6. Ou kwè ou kapab montre pwoblèm ou ap afekte lòt kontribiyab ki nan menm sitiyasyon avèk ou epi se yon pwoblèm avèk pwosesis sistèm Depatman Finans.

7. Ou kwè ou kapab montre done ra ki nan ka ou jistifye ed Biwo Defansè Kontribiyab.

8. Ou kwè ou kapab montre gen yon rezon politik piblik konvenkan ki fè ou ta dwe resevwa ed nan Biwo Defansè Kontribiyab.

### KONTAKTE FINANS

<http://www1.nyc.gov/site/finance/about/contact-us.page>

### Biwo Defansè Kontribiyab Pa Kapab Ede Ou Si:

- Pa t fè yon efò rezonab pou jwenn soulajman nan mwayen nòmal Depatman Finans, tankou kontakte 3-1-1.
- Ou mande konsèy legal oswa konsèy pou prepare fòm deklarasyon taks ou.
- W ap eseye depoze yon dosye oswa ou te depoze youn devan Komisyon Taks, Tribinal Kontestasyon Taks oswa yon tribinal Eta New York.
- Ou konteste yon desizyon ki pa anfavè ou nan Komisyon Taks, Tribinal Kontestasyon Taks oswa tribinal Eta New York.
- Ou fè konnen lwa Vil New York sou taks oswa sistèm taks la vyole Konstitisyon Eta New York oswa Konstitisyon Etazini.
- Defansè Kontribiyab detèmine objektif kontestasyon ou konsène sèlman estrateji ki deziyen pou evite oswa retade deklarasyon oswa peman taks Vil New York ou.

### Pou Mande Éd:



Ale sou sitwèb nou epi ranpli fòm DOF 911, "Demann Éd nan Biwo Defansè Kontribiyab."

**Sitwèb:** [www.nyc.gov/taxpayeradvocate](http://www.nyc.gov/taxpayeradvocate)

**Adrès Imèl:**  
DOFTaxpayerAdvocate@finance.nyc.gov

**Rele nimewo:** (212) 312-1800 oswa 3-1-1

**Faks:**  
(646) 500-6907 oswa (212) 676-2940

### Voye demann yo ba:

The Office of the Taxpayer Advocate  
253 Broadway, 6th Floor  
New York, NY 10007

**Tanpri Sonje:** Biwo Defansè Kontribiyab pa kapab ede ou avèk okenn kontestasyon pou kontravansyon pakin oswa plent. Si pwoblèm ou se avèk taks Vil New York sou revni pèsone ou, tanpri kontakte [Biwo Defansè Dwa Kontribiyab Eta New York](#) nan nimewo (518) 530- 4357. Si pwoblèm ou se avèk taks federal sou Revni, tanpri kontakte [Sèvis Nasyonal pou Kontribiyab](#) gratis nan nimewo 1-877-777-4778.

**Biwo Defansè Kontribiyab la pou ede ou rezoud pwoblèm taks Vil New York apre ou eseye rezoud yo avèk Depatman Finans poukont ou.**

